

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa hal penting dina kahirupan manusa. Basa téh salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna anu mangrupa pakakas penting dina komunikasi atawa patali marga di antara anggota masarakatna. Chomsky (1968: 3) nétélakeun yén tata basa téh nya éta sagemblengna kaidah basa anu nyangkaruk dina jiwa pamaké basa pikeun ngatur pamakéan basa. Sudaryat (1991: 1) ogé nétélakeun yén basa nya éta sistem lambang omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Linguistik mangrupa cabang élmu anu maluruh ngeunaan pangaweruh basa. Linguistik disebut ogé élmuning basa. Sudaryat (2000: 1) nétélakeun yén linguistik mangrupa ulikan ilmiah basa, nya éta élmu pangaweruh anu ngulik jeung medar basa, selang surupna, asal muasalna, parobahan, katut kamekaranana.

Morfologi mangrupa salah sahiji cabang élmu linguistik anu ngulik perkara morfem. Morfem téh nya éta wangun basa pangleutikna anu ngandung harti; wangun katatabasaan (gramatikal) pangleutikna nu sok diucapkeun deui dina wangun nu sarua atawa méh sarua (Sudaryat, 2005: 10). Dina ungkara nu lian yén morfologi téh bagéan élmu basa anu medar atawa maluruh seluk beluk wangun kecap sarta parobahan-parobahanana kana golongan jeung harti kecap.

Kecap mangrupa bagéan pangleutikna dina kalimah. Wangun kecap nu mibanda fungsi gramatik atawa semantik sok disebut prosés morfologis. Nurutkeun Prawirasumantri (1990: 32) dina basa Sunda aya tilu prosés morfologis, nya éta ngararangkénan, ngarajék, jeung ngantétkeun.

Pangajaran basa Sunda di sakola kacida pentingna. Sarua jeung pangajaran séjén, pangajaran basa Sunda ogé ngawengku pangajaran maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Salah sahiji conto dina pangajaran nulis nya éta nulis karangan. Geus tangtu dina karanganana siswa maké basana sorangan anu can tangtu luyu jeung aturan tata basa, salah sahijina dina maké kecap. Ku kituna, basa siswa dina karanganana perlu diperhatikeun, hususna ku para pendidik.

Panalungtikan ngeunaan analisis morfologis hususna can aya nu nalungtik, aya ogé ngan nyabit-nyabit ngeunaan salah sahiji hasil tina prosés morfologis saperti “Kecap Rajékan dina Buku Kumpulan Carita Pondok *Mirah Dalima* Karangan Kis. WS Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP (Mulyati, 2005)”.

Ku kituna, dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, panalungtikan ngeunaan “Analisis Morfologis dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2011/2012”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kasang tukang masalah panalungtikan di luhur, sangkan henteu lega teuing ambahanana, dina ieu panalungtikan masalah anu ditalungtik medar ngeunaan prosés ngawangun kecap atawa prosés morfologis nu ngawengku prosés ngararangkénan (*afiksasi*), prosés ngarajék (*reduplikasi*), jeung kombinasi di antara dua prosés morfologis nya éta ngarajék binarung ngararangkénan nu kapanggih dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2011/2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina wangun pananya di handap ieu:

- 1) Prosés ngawangun kecap naon waé anu kapanggih dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang?
- 2) Kumaha prosés ngararangkénan kecap rundayan nu nyampak dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang?
- 3) Kumaha prosés ngarajék atawa kecap rajékan nu nyampak dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang?
- 4) Kumaha prosés ngarajék binarung ngararangkénan nu nyampak dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan prosés morfologis (kecap rundayan, kecap rajékan, jeung kecap rajékan binarung ngararangkénan) dina unggal kecap nu aya dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2011/2012.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Prosés morfologis anu kapanggih dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang;
- 2) Prosés ngararangkénan kecap rundayan nu nyampak dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang;
- 3) Prosés ngarajék atawa kecap rajékan nu nyampak dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang; jeung
- 4) Prosés ngarajék binarung ngararangkénan nu nyampak dina karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat panalungtikan ngeunaan “Analisis Morfologis dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2011/2012” sacara tioritis téh nya éta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan rupa-rupa prosés dina ngawangun hiji kecap.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun guru, bisa dijadikeun ajuan pikeun bahan pangajaran, khususna pangajaran nulis dina karangan éksposisi;
- 2) Pikeun siswa, bisa nyangking pangalaman sarta méré pangaweruh ka siswa ngeunaan prosés dina ngawangun hiji kecap boh ngaliwatan prosés *afiksasi*, *réduplikasi*, *komposisi* atawa prosés ngarajék binarung ngararangkénan.

1.5 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu panalungtikan kabagi kana lima bab. Dina bab I bubuka anu ngawengku; kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis. Bab II dijudulan “Morfologi, Wangun kecap, jeung Karangan Éksposisi” anu ngawengku; morfologi, wangun kecap, kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, kecap rajékan binarung ngararangkénan, jeung asumsi. Bab III “Métodologi Panalungtikan” anu ngawengku; sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung

téhnik panalungtikan. Bab IV dijudulan “Analisis Morfologis dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2011/2012” ngadèskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikan ngeunaan hasil anu kapanggih dina karangan siswa kalawan jèntèrè. Dina bab V kacindekan jeung saran, dipedar ngeunaan kacindekan anu dibeunangkeun tina panalungtikan kalawan gembleng jeung saran pikeun pihak-pihak anu aya kaitannana.

